# yéen nit ñi, deeleen tasaare nuyóo, di leele ñam, di jokk mbokk, di julli guddi fekk nit ñi a ngi nelaw, kon dangeen dugg àjjana ci jàmm

Jële nañu ci Abdullah ibn Salaam yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: ba Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ñëwee Madiina nit ñi dañoo buur jëm ci moom, ñu naan: Yonnente Yàlla bi ñëw na, Yonnente Yàlla bi ñëw na, Yonnente Yàlla bi ñëw na, ñatti yoon, ma ñëw ci nit ñi ngir xool, bi ma seetloo kanam ga, laa xam ne kanamam gi du kanamu fenkat, li ma njëkk a degg mu wax ko mooy: "yéen nit ñi, deeleen tasaare nuyóo, di leele ñam, di jokk mbokk, di julli guddi fekk nit ñi a ngi nelaw, kon dangeen dugg àjjana ci jàmm".

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Bi Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ñëwee Madiina, nit ñi gis ko dañoo gaawantu jëm ci moom, bokk na ci ñi demoon ci moom Abdallah ibn Salaam yal na ko Yàlla dollee gërëm moom nag ab Yahuut la woon, ba mu ko gisee mu xam ne kanamam gi du kanamu fenkat; ndax la cay feeñ ci leer ak taar ak worma gu dëggu, Li mu njëkk a dégg ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mooy mu ñaax nit ñi ci jëf sabab yuy tax a dugg àjjana, bokk na ca: Bi ci njëkk: tasaare nuyóo ak fésal ko te baril ko ci koo xam ak koo xamul. Ñaareel bi: leele ñam ci saraxe ak maye ak ganale. Ñatteel bi: jokk mbokk mi nga xam ne buumu meen moo leen boole, walla jegeñaale ci wetu baay walla yaay. Ñenteel bi: julli naafila, taxaw guddi fekk nit ñi di nelaw.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee